



Pou Piblikasyon Imedya: 16/10/2021

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**DEKLARASYON GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL SOU AKÒ TRAVAY PWOVIZWA  
POU ENDISTRI SINEMA AK TELEVIZYON**

"Nan kòmansman jounen an, mwen te pale ak direksyon sendika a nan IATSE pou eksprime sipò mwen pou defans yo pou moun k ap travay nan endistri divètisman an epi mwen kontan IATSE (Alyans Entènasyonal Anplwaye Sèn Teyatral) ak AMPTP (Alyans Pwodiktè Sinema ak Televizyon) te rive jwenn yon akò pwovizwa ki jis pou travayè yo epi ki pwoteje travay pou klas mwayèn nan ki peye byen ke sektè sa a kreye. Endistri sinema ak televizyon se yon pati enpòtan nan New York, k ap jenere plizyè dizèn milye travay ak plizyè milya dola nan aktivite ekonomik. Ansanm, n ap kontinye rekiperasyon New York la apre pandemi an epi asire fanmi k ap travay yo kapab kontinye pwospere nan eta sa a".

###

Lèt nouvel disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418